SOCIAL SCIENCE AND EDUCATION - СОЦИАЛЬНЫЕ НАУКИ И ОБРАЗОВАНИЕ – IJTIMOIY SOHA VA TA'LIM
ILMIY-TAHLILIY JURNAL




Issue - 5(2025) / ISSN 3030-3648 Available at www.uznauka.uz

# TARIYXÍY BILIM BERIWDE ARXEOLOGIYANÍŃ ÁHMIYETI

**Karamanova G., Mambetrzaeva S**
Berdaq atındaǵı QMU Arxeologiya kafedrası professorı w.a., t.i.k.;
Berdaq atındaǵı QMU magistrantı

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyev: «Men bársheńizdi tariyxtı úyreniwde jáne de oyaw, jáne de belsendi bolıwǵa shaqırmaqshıman. Tariyxqa sergek qaraǵan adamǵana bárqulla sezgir hám abaylı bolıp jasaydı. Búgingi jaǵdayǵa da kelesi proceslerge de qalıs hám haqıyqıy baha bere aladı. Bul bolsa házirgi quramalı hám órlewshi zamanda tınıshlıq hám turaqlılıqtı támiyinlew, joqarı rawajlanıwǵa erisiwdiń eń baslı shárti» [1, 147], degen edi. Bunda arxeologiya iliminiń ornı ayrıqsha.

Xalqımızdıń haqıyqıy tariyxın biliwde arxeologiya iliminiń áhmiyeti úlken. Arxeologiya adamzat tariyxın, ótmishin zatlay derekler – estelikler tiykarında izertleytuǵın ilim. Jazıw payda bolǵannan keyin de tariyxta orın alǵan siyasiy, sociallıq ózgerislerdiń barlıǵı jazıla berilmegen. Sonlıqtan jazba tariyx payda bolǵansha ótken birneshe júz mıń jıllıq dáwir tariyxı, hámde jazba tariyx júzege kelgennen keyingi dáwir turmısın tolıq úyreniw wazıypası sol dáwir xalıqlarınan qalǵan buyımlardı izertlewdi talap etedi.

Arxeologiya materialları oqıwshılarǵa bilimlerdi sanalı túrde ózlestiriwge járdem beredi. Sabaq procesinde úlke arxeologiyalıq materiallarınan úlgiler kirgiziliwi oqıwshılardan bul materiallar ústinde belgili dárejede erkin pikir júrgiziwdi talap etedi. Nátiyjede olar ótmish estelikleri haqqında óz bilim hám imkaniyatına qaray erkin pikir júrgizedi, olardıń baqlaw qábileti artadı. Bul haqqında K.D.Ushinskiy bılay degen edi: "Oqıwshılardıń kóz aldında turǵan yamasa onıń yadında bekkem ornalasıp qalǵan zattıń ózi oqıwshılardıń pikirin

Issue - 5(2025) / ISSN 3030-3648 Available at www.uznauka.uz

birewdiń járdemisiz-aq oyatadı, eger ol qáte pikir bolsa dúzestiredi, eger tolıq bolmasa toltıradı, eger ol logikasız bolsa, onı tábiyiy, yaǵnıy durıs sistemaǵa saladı" [2, 93].

Arxeologiyalıq materiallardan sabaq waqtında paydalanıwda kóbirek olardıń súwretlerinen, maketlerinen paydalanıladı.

Arxeologiya materiallarınan paydalanıw ushın aldın arxeologiya maǵlıwmatlarınan paydalanıwda tómendegi qaǵıydalarǵa ámel etiw kerek: 1. Bul maǵlıwmatlar oqıwshılardıń sanası hám sezimine tásir etip, olardı sabaqqa qızıqtıra alıwı hám háwes oyatıwı; 2. Úlke ushın xarakterli bolıp, sabaqta úyrenilip atırǵan tariyxıy waqıyalar menen baylanısta kórip shıǵılǵanda oqıwshılar ushın túsinikli bolıwı; 3. Oqıwshılarda olardı qorshap turgan ortalıqtı baqlaw hám onı pútkil mámleket tariyxı menen baylanıstırıw qásiyetin qáliplestiriwi; 4. Oqıwshılarǵa Watan tariyxınıń turaqlı kursın úyreniwde járdem berip, sabaqtı ózlestiriwdi ańsatlastırıwı; 5. Oqıwshılarda óz úlkesine qızıǵıwshılıq oyatıwı, onıń ótmishin úyreniwge járdem beriwi, janajan úlke, áziz Watanǵa bolǵan muhabbatın bekkemlewi kerek.

Arxeologiya materiallarınan paydalanıw nátiyjeli bolıwı ushın olardı qaysı maqsette, qanday tálim-tárbiyalıq wazıypanı sheshiw ushın paydalanıwdı oqıtıwshı anıq belgilep alıwı kerek. Bular tómendegishe:

1. Arxeologiya materiallarınan oqıtıwshı jańa temanı bayanlaw dawamında óz gúrrińine anıqlıq kiritiw quralı sıpatında paydalanadı. Máselen, 6-klasslar ushın Qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlıǵında 17-tema. “B.e.sh. IV-I asirlerdegi Áyyemgi Xorezm mádeniyatı” dep berilgen. Onda oqıtıwshı: “Áyyemgi Xorezm mádeniyatina tán jámiyetshilik b.e.sh. VII-VI ásirlerge tán jergilikli sak-massaget

Issue - 5(2025) / ISSN 3030-3648 Available at www.uznauka.uz

xalıqlarınıń tiykarında payda boldı. Suwretlew mádeniyatınıń eń dáslepkileri skif-sibir haywan tárizinde bolǵan. B.e.sh. VI ásirdiń aqırında Xorezm mámleketi parsılar tárepinen jawlap alınıp Axemeniyler Imperiyası menen baylanıslar jasaǵan", - degen maǵlıwmattı bere otırıp [3, 75], "Sultanuizdag tawlarınan tabılǵan tas kapiteli b.e. basları dáwirine tán bolıp, usı Iran mádeniyatınıń tásiriniń dawamı boladı", - dep anıqlıq kiritedi hám onıń súwretin kórsetiw múmkin. Usı jerde atap ketemiz, klasstan tıs sabaq yamasa muzey sabaqların shólkemlestiriwde Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı muzeyinde saqlanıp atırǵan Gopatshax atlı ápsanawiy adam tárizli maxluq turinde sáwlelengen kórinis eki ayaǵın dene astına jıynap jaǵı astında saqal hám eki jaqlama múyiz kórinisi sáwlelengen IV ásirge tiyisli kapiteldi oqıwshılar kózleri menen kóriwlerine boladı.

2. Oqıtıwshı úyrenilip atırǵan waqıya hám qubılıslardı bayanlawda arxeologiya materiallarınan tiykarǵı derek sıpatında paydalanadı. Máselen, sol kórsetilgen temada b.e.sh. IV-III ásirlerdegi hám onnan birqansha keyinirek dáwirdegi Xorezm kórkem-óneri tuwralı maǵlıwmatlar gúlal ıdıslardıń sırtındaǵı súwretlerde sáwlelengenligi aytıladı. Olar ańshılıqtı, saray turmısın, áyyemgi Xorezm ápsanalarınan alınǵan úzindilerdi ańlatqan. Al gúlalshılıq yamasa tas mórlerdegi súwretlerdiń mánisleri sol dáwirdegi yamasa onnan bir qansha burınǵı skif kórkem-óneriniń dástúri menen ushlasadı.

3. Sabaq dawamında bildirilgen qandayda bir pikirdi tastıyıqlaw ushın da arxeologiya materiallarınan paydalanıladı. Máselen, b.e.sh. II ásirlerde Xorezm mádeniyatına Orta Aziyadaǵı mámleketler tárepinen ellinizm mádeniyatınıń taray baslaǵanlıǵı, bul mádeniy tásirdiń kúshliligin tastıyıqlaw maqsetinde Gáwir

qaladan tabılǵan Ellin tipindegi músinniń tabılıwın guwa etip kórsetiw múmkin. Músin qızıl reńli ılaydan islengen. Onda tóbesi ushqır qalpaq kiygen áskerdiń bası sáwlelengen. Ol b.e. I-II ásirlerine tán bolıp, házirgi waqıtta Moskva qalasındaǵı Shıǵıs elleri mádeniyatı muzeyinde saqlanbaqta.

4. Arxeologiya materiallarınan sabaqta paydalanıw áhmiyetli juwmaqlar shıǵarıw deregi bolıp xızmet etedi. Máselen, 6-klass Qaraqalpaqstan tariyxı páni, 2-tema: "Áyyemgi adamlar mákan jayları" dep ataladı [3, 15]. Onda: "Joqarı paleolittiń sońǵı basqıshındaǵı tas qurallardıń arasında nayzanıń shaqmaq tastan islengen  ushları, súyekten soǵılǵan kóp tisli shanıshqılar (garpunlar) gezlesedi. Bunday qurallardıń payda bolıwı alǵashqı jámiyet aǵzaları xojalıqlarında balıq awlawshılıqtıń payda bolǵanlıǵı haqqında juwmaqqa alıp keledi.

Muzey sabaqları yamasa klasstan tıs sabaqlarda muzey eksponatların kóriw arqalı keń maǵlıwmat hám isenimli dáliyl alınadı.

Tariyxıy úlketanıw pánin úyreniw barısında tariyx qánigeligi studentleri muzeylerde mektep oqıwshılarına «Hár bir eksponat – tariyxımızdan derek», «Arxeologiyalıq miyraslarımızdı qorǵaw – qarız hám parızımız», «Úlkemiz arxeologiyalıq esteliklerine húrmet – ótmish hám keleshekke húrmet», «Muzey eksponatların bayıtqan arxeolog-alımlarımız» h.t.b. temalarda seminar-treningler, arxeolog alımlar menen birgelikte master-klasslar shólkemlestiriwleri múmkin. Bunda joqarǵı oqıw orınları, mektep hám muzey tájiriybeleri integraciyası ámelge asırıladı.

Aytıw orınlı joqarı oqıw orınları tariyx qánigeligi studentleriniń ózleri dáslep bilim, uqıp, kónlikpelerin bekkemlewleri kerek.

Issue - 5(2025) / ISSN 3030-3648 Available at www.uznauka.uz

Oqıwshılar yamasa studentlerdiń arxeologiyaǵa baylanıslı ilimiy saparlar quramında qatnasıwı tálim-tárbiyalıq áhmiyetke iye. Dáslep olardı bul iske puxta tayarlaw kerek. Olar arxeologiya túsinigine iye bolıwları, ádebiyatlardı úyrenip, qánige arxeologlar menen ushırasıwda birge talqılawları talap etiledi. Muzey ekspoziciyalarında kórsetilgen materiallar menen ádebiyatta sáwlelendirilgen arxeologiyaǵa baylanıslı materiallar salıstırıladı. Studentler yamasa oqıwshılar tárepinen úyreniletuǵın obyekt kartadan kórsetiledi hám jónelisleri sızıladı. Nátiyjede olar arxeologiyaǵa tiyisli esteliklerdi úyreniwden tiykarǵı maqsetleri hám wazıypaları nelerden ibarat ekenligin bilip aladı. Izertlew islerin qay jerden baslaw hám qanday úyreniwdi bolsa úlketanıw dógereklerindegi mashǵulatlarda talqılaydı. Dógerek mashǵulatlarında: 1) tariyxıy, materiallıq esteliktiń ornı hám geografiyalıq sharayatı; 2) esteliktiń atı hám túrleri (qorǵan, qalasha, mákan h.t.b.); 3) esteliktiń ulıwma táriypi (onıń ólshemi, saqlanıw jaǵdayı h.t.b.); 4) esteliklerdi kvadratlarǵa bólip, sol jerlerden, yaki jer ústinen tabılǵan tabılmalardı dápterge tolıq jazıw hám tas qurallar, gúlal sınıqlarınıń súwretlerin dápterge túsiriw isleri talqılanadı. Bulardan tısqarı a) jergilikli xalıq sol estelik haqqında nelerdi biliwin, bul haqqında ápsanalar barlıǵın anıqlaw. Bolsa jazıp alınadı; b) eger estelik sol jergilikli xalıqtıń ata-babalarına tiyisli bolsa, bul jaǵdayda qandayda bir mádeniy qatlamı qalǵanba, onıń tereńligi, eni hám boyı, izlew barısında tabılǵan tabılmalar dápterge jazıp barıladı; v) tabılǵan maǵlıwmatlardıń dáwiri anıqlanadı; g) tabılmalar jańa ma yamasa aldıńǵı tabılmalardı toltırıw ushın xızmet qılıwın anıqlaw (bul estelik arxeologiyaǵa tiyisli kartanıń qaysı noqtasında jaylasqan). Eger jańa bolsa, muzey yamasa tariyxıy esteliklerdi saqlaw hám qorǵaw komitetine xabar qılıw wazıypaları da júklenedi.

Issue - 5(2025) / ISSN 3030-3648 Available at www.uznauka.uz

Arxeologiyalıq materiallardı oqıw procesinde paydalanıw studentlerdi ilimiy-izertlew hám esteliklerdi qorǵaw jumıslarına tartıwǵa járdem beredi, sonday-aq olardıń qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Jergilikli arxeologiyalıq materiallardı tariyx sabaǵında hám sabaqtan tıs jumıslarda keńnen paydalanıwǵa boladı.

Studentler sabaqlıqtan tısqarı, jergilikli muzeylerdegi arxeologiyalıq kollekciyalar menen tanıstırılıwı lazım.

Studentlerdiń temanı óz betinshe úyreniwleri ushın «Muzeyge sayaxat» metodınan paydalanıw múmkin [4, 96]. Bunda paytaxtımızdaǵı muzeylerden orın alǵan arxeologiyalıq tabılmalardı úyreniw tapsırıladı. Olarǵa tómendegi tapsırmalar beriledi:

1. Úlkemizdegi arxeologiyalıq esteliklerdiń jaylasıw kartasın úyreniw; 2. Úlkemizdegi arxeologiyalıq esteliklerdiń tariyxın, izertleniwin biliw; 3. Muzeydegi arxeologiyalıq eksponatlardıń xronologiyasın dúziw; 4. «Tariyxıy úlketanıwda arxeologiyanıń áhmiyeti» temasında esse jazıw; 5. Qaraqalpaqstanda arxeologiyalıq estelikler boyınsha prezentaciya tayarlaw h.t.b.

Ekinshi variantta tómendegishe tapsırmalar beriwge boladı: 1) olardıń túsinigi boyınsha júdá ayrıqsha eki-úsh tas, bzonza yamasa temir dáwirlerine tiyisli buyımlardı súwretlew; 2) úlke aymaǵında jaylasqan tas, bronza hám temir dáwirlerine tiyisli estelikti jazıw hám eslep qalıw; 3) bronza, erte temir dáwirine tiyisli gúlal ıdıslardıń naǵısların salıw; 4) alǵashqı jámáát dáwirinde adamlar tárepinen oylap tabılǵan hám házirge shekem paydalanılıp kiyatırǵan bir-eki eksponattı muzeyden tawıp atap kórsetiw; 5) arxeologiyalıq atamalar sózligin dúziw h.t.b.

Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyiniń filialı - Ellikqala rayonı arxeologiya hám tariyxı muzeyi 1989-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Mámleketlik úlketanıw muzeyiniń bólimi sıpatında shólkemlestirilgen. 1994-jıldan baslap ǵárezsiz túrde Ellikqala rayonı úlketanıw muzeyi sıpatında óz xızmetin dawam ettirdi.

Keyin ala elimizdiń bir qatar tariyxshı ilimpazlarınıń usınısları, sonday-aq muzey kóplegen áemgi estelikler aymaǵında jaylasqanlıǵın itibarǵa alıp, 2005-jılı rayonlıq úlketanıw muzeyiniń atı - Ellikqala rayonı arxeologiya hám tariyx muzeyi dep ózgertildi.

2007-jili Ellikqala rayonında bolıp ótken, arxeolog-alım S.P.Tolstovtıń 100 jıllıq yubileyine baǵıshlangan Xalıqaralıq simpoziumda, alımnıń úlkemiz tariyxın sáwlelendiriwdegi úlken xızmetlerin itibarga alıp, shet el tariyxshıları hám elimizdiń arxeolog alımlarınıń usınısına muwapıq usı muzeyge S.P.Tolstov atı berildi.

2017-jılı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararı menen muzey Ellikqala rayonı arxeologiya hám tariyx muzeyi sıpatında qayta shólkemlestirildi.

Búgingi kúnde muzey fondı tómendegi bólimlerden ibarat: arxeologiya; fotografiya; qımbat bahalı metallar; etnografiya; ónermenchilik; Jana tariyx hám tábiyat bólimleri.

Muzey ekspoziciya zalında aymaǵımızda jaylasqan Ayazqala, Gúldursunqala, Qabatqala, Qoyqırılǵanqala, Topıraqqala hám usı sıyaqlı bir qansha tariyxıy esteliklerden tabılǵan, úlkemizdiń tariyxına baylanıslı siyrek ushırasatuǵın estelikler - eski buyımlar, jergilikli xalıqlardıń ámeliy kórkem

óneri hám etnografiyasına baylanıslı eksponatlar, aymaǵımızdıń haywanat dúnyasına tiyisli janzatlar kórgizbege qoyılǵan.

Bul eksponatlar ishinde eń áyyemgi hám siyrek ushırasatuǵınları eramızdıń I-IV ásirlerine tiyisli [5]. Demek, bul muzey de bay maǵlıwmatlar gáziynesi bola aladı.

Arxeologiya materiallarınan tariyx sabaqlarında hám klasstan tısqarı jumıslarda paydalanıw tómendegi wazıypalardı orınlawǵa járdem beredi: birinshiden, oqıwshılar bilimine jáne de anıqlıq kirgizip, mazmun jaǵınan bayıtadı, ekinshiden, úlkeniń ótmishin tereńirek úyreniwge imkan beredi, úshinshiden, sabaqta ayrıqsha temalardı úyreniwge tiykarǵı derek bolıp xızmet etedi.

Orta Aziyada, sonıń ishinde, Ózbekstanda alıp barılıp atırǵan arxeologiyalıq izertlewlerdiń áhmiyetin atap ótip, belgili arxeolog, professor V.M.Masson Orta Aziya hám Qazaqstannıń tas ásiriniń estelikleri tek ǵana óz aldına respublika tariyxınıń eń áyyemgi betleri sıpatında emes, al jáhán tariyxınıń eń áhmiyetli máselelerin, dáslepki jámiyetlik dúzim rawajlanıwınıń ulıwma nızamlılıqların, oykumena (jer júziniń adamzat jasaytuǵın bólimi) boylap adamzattıń tarqalıw tariyxın, sonday-aq, Aziya materiginiń ózlestiriliwin úyreniw deregi sıpatında bahalı ekenligin jazgan edi [6, 15].

Adamzat áyyemgi dáwirlerden baslap-aq, óziniń ótmish tariyxına qızıqqan. Máselen, b.e.sh. IV ásirde grek filosofı Platon ótken dáwirdiń tariyxın úyreniwde arxeologiya materiallarınan paydalanadı.

Xalqımızdıń eń áyyemgi tariyxın materiallıq sáwlelendiriwde arxeologiyalıq tabılmalardıń ózine tán dereklik áhmiyeti bar. Solay eken,

Issue - 5(2025) / ISSN 3030-3648 Available at www.uznauka.uz

arxeologiyalıq esteliklerdiń saqlanıwına qolaylı sharayat jaratıw hám bunda muzeylerdiń de násiyatlawshı máskan sıpatındaǵı rolin belgilew talap etiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Мирзиёев Ш.М. Нияти улуғ халқнинг иши ҳам улуғ, ҳаёти ёруғ ва келажаги фаровон бўлади. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2019. 3-жилд.

2. Ушинский К.Д. Таълим-тарбия хакида. – Тошкент, 1952.

3. Qoshanov A., Uzaxbergenova T., Dospanov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. 6-klass. – Nókis: “Bilim”, 2013.

4. Karamanova G. Tariyxıy úlketanıw. – Nukus: ILIM NUR, 2024.

5. https://ellikqala-tumani.uz/2208.html.

6. Раҳматуллаев Т. Ўзбекистон халқлари тарихини ўкитишда археология материалларидан фойдаланиш. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1994.